

PWOGRAM ANKOURAJMAN LOJMAN MENDÈV (WHIP)**KESYON MOUN POZE SOUVAN (FAQ) – POU MÈT KAY LWAYE AK PWOPRIYETÈ****KISA WHIP YE?**

WHIP vle di Workforce Housing Incentive Program (Pwogram Ankourajman Lojman Mendèv) WHIP se yon pwogram pilòt sibvansyon ke Lojman Piblik ak Developman Kominotè Konte Miami-Dade (PHCD) administre. WHIP fèt pou mèt kay lwaye ak pwopriyetè apatman ki gen pwopriyete nan Konte Miami-Dade ki konvèti pri mache lojman ki egziste deja an pri lojman abòdab ak pri lojman mendèv pou fanmi ki gen revni fèb ak mwayen ki touche jiska 140 pousan Revni Medyan Zòn (AMI). - *gade tablo ki anba a*

Yo dwe respekte estanda lwaye yo pou 3 ane. WHIP pral aksepte 4,500 inite lwaye ak dwa pwopriyete kay nan pwogram nan. Yo va mete apa yon minimòm 50 pousan nan fon sibvansyon yo pou fanmi ki gen revni ki pa depase 110 pousan revni medyan zòn nan. Yo va mete apa yon minimòm 25 pousan nan fon sibvansyon yo pou pwopriyetè oswa mèt kay lwaye ki posede 20 inite lojman oswa mwens.

Sibvansyon maksimòm ki disponib kounye a se \$6,000. Mèt kay lwaye ki lwe fanmi ki touche jiska 140 pousan AMI epi ki kenbe inite lojman yo nan yon kondisyon abòdab e abitab pou yon minimòm twa ane va resevwa sibvansyon anyèl \$2,000 pou chak inite pandan twa ane. Pwopriyetè ki ap vann yon kay nan yon pri abòdab pou fanmi ki touche jiska 140 pousan AMI, yo va resevwa \$6,000 lè yo ap siyen dènye papye lavant lan.

ÈSKE MWEN ELIJIB POU MWEN APLIKE?

WHIP va aksepte aplikasyon pwopriyetè ak mèt kay lwaye ki gen pwopriyete nan Konte Miami-Dade.

- Ou dwe lwe oswa vann a fanmi ki touche jiska 140 pousan AMI. Nou va mande w soumet dokiman elijibilite inite w la chak ane, ki ka gen ladan otosètifikasyon revni lokatè, idantifikasiyon avèk foto, prèv revni lokatè, ak/oswa lòt dokiman.
- Pri lwaye oswa pri devant ou a dwe abòdab dapre estanda pri abòdab ke Kòporasyon Finans Lojman Florid ("FHFC"), Depatman Lojman ak Developman Iben Etazini ("HUD"), ak Konte Miami-Dade etabli.
- Inite w la dwe abitab epi pase yon enspeksyon kalite lojman ke PHCD fè.
- Inite ka anba restriksyon sou kontra revni/lwaye lokatè ki egziste deja [pa egzanp, Akò Restriksyon sou Itilizasyon Teren (LURA), Akò Regilasyon Lwaye (RRA), Housing Choice Voucher (Seksyon 8), elatriye] **PA** elijib pou pati WHIP sa a.
- Nou pa otorize deplasman lokatè ki la deja dapre pwogram lan, epi pwogram lan pa gen misyon pou ogmante pri lwaye sou lokatè ki la deja yo. Si nou detèmine ke yo deplase yon aplikan yon fason ki pa apwopriye oswa yo ogmante lwaye yon lokatè ki la deja san yon avi jis (jan Òdonans Nimewo 22-30 defini), PHCD rezève dwa pou li rejte aplikasyon an, mete fen a akò sibvansyon WHIP la, anile, oswa redui fon yo akòde yo, epi rekipere nenpòt avantaj pwogram yo te peye aplikan an.
- Peryòd minimòm abòdabilite a pa dwe mwens pase twa ane. Si mèt kay lwaye yo mete fen premature a lwaye pou nenpòt ki rezon, sa va deklanche rekiperasyon tout fon sibvansyon yo. (Pwogram lan ka depann de disponiblite finansman)

KIJAN POU MWEN KONNEN SI YO KONSIDERE PRI LWAYE OUBYEN PRI DEVANT MWEN "ABODAB"?

Pri lwaye ak pri devant yo baze sou estanda abòdabilite ke FHFC, HUD, ak Konte Miami-Dade etabli chak ane. Limit pri lwaye yo detèmine apati yon konbinezon gwosè fanmi, revni fanmi, ak kantite chanm akouche nan inite lojman an – *gade tablo ki anba a*.

Revni 2023 ak Limit Lwaye

Pousantaj Kategori	Limit Revni dapre Kantite Moun ki nan Kay la								Limit lwavey dapre kantite chann a kouche nan inite					
	1	2	3	4	5	6	7	8	0	1	2	3	4	5
30%	21,700	24,800	27,900	30,950	35,140	40,280	45,420	50,560	542	581	697	826	1,007	1,199
50%	36,150	41,300	46,450	51,600	55,750	59,900	64,000	68,150	903	968	1,161	1,341	1,497	1,651
80%	57,800	66,050	74,300	82,550	89,200	95,800	102,400	109,000	1,445	1,548	1,857	2,146	2,395	2,642
110%	79,464	90,816	102,168	113,520	122,602	131,683	140,765	149,846	1,987	2,270	2,554	2,838	3,065	3,292
120%	86,760	99,120	111,480	123,840	133,800	143,760	153,600	163,560	2,169	2,323	2,787	3,220	3,594	3,964
140%	101,220	115,640	130,060	144,480	156,100	167,720	179,200	190,820	2,530	2,710	3,251	3,757	4,193	4,625

Pri Devant Maksimòm pou 2022

Pri Devant Maksimòm pou 2022 se \$352,000.

KILÈ AK KIJAN MWEN KA SOUMÈT YON APLIKASYON?

Yo va aksepte aplikasyon soti 17 mas 2023 rive 7 septanm 2023, oswa lè yo prevwa fon pwogram lan ap fin, kèlkeswa sa ki rive an premye a.

Aplikasyon yo disponib sou entènèt nan: <https://www.miamidade.gov/global/housing/home.page>. Si ou pa ka jwenn aksè pou w aplike sou entènèt, gen aplikasyon sou papye ki disponib nan kat (4) lokal:

Nò: Miami Gardens Apartment, 2170 NW 183rd Street, Miami, FL 33056

Santral: Lojman Piblik ak Devlopman Kominotè, OTV North, 701 NW 1st Court, 14th Floor, Miami, FL 33136

Lwès: Lakeside Towers, 7555 SW 152nd Avenue, Miami, FL 33193

Sid: Leisure Villas, 28701 SW 153rd Avenue, Homestead, FL 33033

Ou ka pase pran ak depoze aplikasyon soti 9:00 am rive 5:00 pm, lendi jiska vandredi, eksepte jou ferye. Soumèt yon aplikasyon sou papye se a pwòp risk ou paske gen yon pi gwo posibilité pou erè ak diskalifikasyon. LI VRÈMAN REKÒMANDE POU W RANPLI EPI SOUMIÈT APLIKASYON W LAN SOU ENTÈNÈT.

NAN KI LÒD YO VA TRETE APLIKASYON YO?

Yo va trete aplikasyon konplè yo nan lòd yo resevwa yo. Aplikan yo dwe soumèt tout enfòmasyon ki nesesè nan aplikasyon an. Priyorate va gen ladan inite lojman ki fèt pou fanmi ki gen ofisyè fòsdelòd, anjan ponpye, edikatè, pwofesyonèl lasante, anplwaye gadri, anplwaye nan biwo Defansè Piblik ak Pwokirè Eta yo, ak militè aktif oswa veteran. SI YON MOUN PA BAY TOUT ENFÒMASYON YO MANDE YO AVÈK PRESIZYON, SA KA LAKÒZ YON RETA NAN TRETMAN DOSYE A OSWA REJÈ APLIKASYON AN.

KIJAN AK KILÈ MWEN VA KONNEN SI YO APWOUVE MWEN POU MWEN RESEVWA YON PRIM?

Nan majorite ka, yo va apwouve aplikasyon konplè yo nan 2 semèn. PHCD va kontakte mèt kay lwave yo pa imel ak/oswa pa telefòn.

ÈSKE MWEN KA SOUMÈT PLIS PASE YON APLIKASYON?

Wi, aplikan yo ka soumèt plis pase yon aplikasyon. PHCD pral swiv kantite inite yo apwouve pou chak pwopriyetè ak afilye li yo.

KI DOKIMAN YO VA MANDE POU MWEN BAY?

- Deklarasyon etik ki sètifye si oumenm oswa yon manm fanmi imedya ou se aktyèlman anplwaye Konte Miami-Dade oswa si se yon Ofisyèl Konte ki nonmen oswa eli. *Si oumenm oswa yon manm fanmi imedya ou ap travay nan Konte Miami-Dade aktyèlman, oswa si se yon Ofisyèl Konte ki nonmen oswa eli, w ap oblige soumèt yon demann pou yon opinyon bay Komisyon Etik Konte Miami-Dade konsènan patisipasyon ou nan pwogram sa a..*
- Prèv dwa pwopriyete tankou yon papye kay oswa yon sètifikasi tit
- Si sa aplikab, Fòm Konsantman Pwopriyetè ki otorize konpayi jesyon an oswa ajan an pou aji nan non pwopriyetè a.
- Si sa aplikab, Kontra Acha e Vant pou aplikasyon dwa pwopriyete
- Si sa aplikab, dokiman òganizasyon tankou yon akò patenarya, atik enkòporasyon, règleman entèn, elatriye.
- Si sa aplikab, non ak adrès konsèy dadministrasyon òganizasyon an, direktè, ofisyè, manm, elatriye.
- Si sa aplikab, Nimewo Identifikasiyon Federal Anplwayè òganizasyon an (FEIN) oswa aplikasyon ki déjà soumèt pou FEIN lan.
- Yon Fòm Sètifikasiyon ak Rekonesans Aplikan ki sètifye enfòmasyon ki nan aplikasyon an egzat

➤ Yon fwa yo trete ak apwouve yon aplikasyon, yo va mande mèt kay lwave a oswa pwopriyetè inite a pou li soumèt dokiman annapre yo:

- Si sa aplikab, kontra lwave (yo) aktyèl ou pou aplikasyon lwave
- Si sa aplikab, deklarasyon fèmti/regleman pou aplikasyon pou dwa pwopriyete kay
- Prèv revni aktyèl tout lokatè oswa achtè yo
- Identifikasiyon pou tout lokatè oswa achtè yo

E SI LOKATÈ MWEN PA DAKÒ PATISIPE?

Si w gen difikilte pou w jwenn enfòmasyon, gen anplwave ki va ede w jwenn lòt fason pou satisfè egzijans pwogram lan.

A KI VITÈS POU MWEN BAY DOKIMAN YO MANDE YO?

Si yon anplwave Konte Miami-Dade kontakte w pou mande lòt dokiman, w ap gen swasanndis èdtan pou w soumèt dokiman yo mande yo nan adrès imel administratè ka w la bay la. Altènativman, li posib pou w pase depoze kopi dokiman verifikasyon obligatwa yo nan youn nan kat lokal ki disponib yo (gade pi wo a), men li pa rekòmande. Orè biwo kat lokal yo se Lendi jiska Vandredi ant 8:00 am e 5:00 pm, eksepte jou ferye.

ÈSKE MWEN KA PALE AVÈK YON MOUN SI MWEN GEN PLIS KESYON SOU PWOGRAM LAN?

Wi. Ou ka kontakte sant dapèl WHIP a nan (305) 784-1000 ant 8:00 am e 5:00 pm apati dat yo prevwa pou kòmanse a ki se 17 mas 2023, eksepte jou ferye. Ou ka voye imel tou pou nenpòt kesyon nan WHIP@miamidade.gov.